



Ki jan pou prevni **KOLERA**

Nou ka kenbe kolera ak yon branch long ak bon jan ijenn, tretman dlo avan nou bwe l ou fè manje ave l e jan nou manye manje.




IJENN

- Depoze kadav kò lwen tout sous dlo. Toujou lave men ak swen apre nou manye yon kadav.
- Konstwi latrin dijans pou pi piti 30 mètr nempòt ki sous dlo. Asire mwayen pou tout moun ka lave men yo apre yo al nan latrin ou watè.
- **Toujou** lave men nou apre nou ale nan watè.
- **Toujou** lave men nou avan nou fè manje ou avan nou manye manje.



DLO

- Pa janm bwe dlo ki pa trete avan.
- Trete dlo ak pou pi piti 2 manyè diferan:



Pase dlo atravè yon mòso twal, sab ou dèt materyèl **epi** bouyi dlo a.

Pase dlo atravè yon twal, sab ou dèt materyèl e ajoute sitwon vèt ou sitwon jonn.

Pase dlo atravè yon twal, sab ou dèt materyèl e ajoute klowòks.

- Veye pou rezevwa dlo rete pwòp e pa janm mete men nou nan rezevwa dlo trete pou bwe.

MANJE

- Kwit manje byen kwit e manje l byen cho. Pwason, oma, krevèt ak dèt fwi dmè se gwo potè kolera: manje yo sèlman si yo tre byen kwit.
- Pa melanje manje kwit ak manje ki pa kwit tankou salad ansanm.
- Moun ki malad ak kolera pa janm dwe manye manje ni fè manje.
- Byen lave fwi ak legim ak dlo trete ou byen kale yo si pa gen dlo trete.
- Moun pa dwe manje tout ansanm nan yon sèl pla-chak moun dwe gen pla pa li.

Ki jan pou prepare yon latrin dijans

Nan ka dijans pandan nap konstwi bon jan latrin, nou ka fouye yon tou kom solisyon tanporè pou elimine pou pou moun. Tou a dwe gen pou pi piti 50 santimèt e li dwe chita pou pi piti 20 mètr lwen yon pi dlo ou nempòt ki sous dlo potab. Tou a pa ka chita mwenske 6 mètr kay ki pi pre. Li pa ka chita anwo yon pant bo yon sous dlo ni nou pa

dwe fouye l nan tè marekay. Fon tou a pa janm dwe rive nan dlo ki anba tè. Chak fwa nou itilize l fòk mete yon kouch tè sou pou pou a. Chak jou nan zòn kote gen kolera fòk ajoute yon kouch lacho. Pou pi plis enfòmasyon sou lòt kalite latrin we “Ijenn ak pwòpte pou yon anviwonman ansante.”



**hesperian**

Ki jan pou rekonet **KOLERA**

(siy ak sentòm)

Kolera se yon kalite dyare ki grav yon bakteri nan dlo koze l.

Kolera gaye rapid rapid pandan yon eta dijans e ka touye anpil moun.

Men sentòm kolera yo:

Dyare “ki tankou dlo diri” ki anpil anpil.

Vomisman

Kranp nan janm

Feblès

Rapidman dyare ak vomisman ka koze dezidasyon sevè epi chòk.

San tretman nan kèk è moun nan ka mouri. Pou ède kominote tout

antye a rekonet e evite kolera, tout moun dwe pratike aktivite kap

swiv yo:

Trete dlo

Ijenn

Prepare manje ak ijenn

Aprann fè remèd reyidasyon pou bwe.

Pou anpeche kolera pa gaye e pou evite kominote a pa panike fòk

pataje enfòmasyon yo. Pou tout moun ka pwoteje fòk konnen sa

sa ye kolera e ki jan pou prevni l.



Ki jan pou trete **KOLERA**

Tretman pi enpotan pou kolera se **dlo reyidrasyon pou bwe**. Antibyotik pa anken èd sòf nan ka ki grav anpil. Lè yon moun ap souffri ak dyare dlo ou dyare ak vomisman pa tann siy dezidrasyon. Aji san pèdi tan.

Bay anpil likid pou bwe: labouyi sereyal ki likid, soup, dlo ou remèd reyidrasyon.

Kontinye bay manje. Depi moun malad la ka manje, ba li manje li renmen souvan souvan. Nan ka ti bebe yo kontinye bay tete souvan e avan nenpòt ki lòt likid.

Remed reyidrasyon ède prevni ou trete dezidrasyon. Li pa geri kolera ni dyare, men li ka bay tan pou maladi a ale pou kont li.

Remed Reyidrasyon



Anba gen de manyè pou prepare yon remèd reyidrasyon. Si posib ajoute yon demi tas ji fwi, dlo kokoye ou pire fig mi. Bagay sa yo gen potasyòm ladan ki se yon mineral ki ède kò a aksepte pi plis manje ak likid.

Chak 5 minit, jounen ak lannwit, bay moun malade la kèk gòje remèd reyidrasyon an jouk moun nan komanse fè pipi nòmalman. Yon moun ki gran bezwen bwe 3 lit ou pi plis pa jou. Yon timoun piti jeneralman bezwen bwe pou pi piti 1 lit pa jou ou 1 vè pou chak pou pou likid li fè. Kontinye bay bwe souvan ak ti gòje. Menm si moun nan vomi, li pap vomi tout remèd la.

Prepare l ak sereyal an poud e sèl

Farin diri se sa k pi bon. Men nou ka itilize farin mayi ki fen, farin frans, farin pitimi ou pomdtè kwit an pire.

Nan yon lit DLO trete,
Mete mwatye yon ti kiye SÈL.





Fè bouyi l pandan 5 rive 7 minit pou genyen yon labouyi likid. Refwadi l rapidman e komanse bay moun malad li.

ATANSYON: Chak fwa nou pral bay remèd la goute l pou we si li toujou bon. Lè li fè cho labouyi ka gate nan kèk è sèlman.

Prepare l ak sik e sèl

(Nou ka itilize sik wouj ou siwo kann olye de sik blan)

Nan yon lit dlo trete, mete
mwatye yon ti kiye SÈL



E 8 ti kiye SIK.
Melanje l byen.

ATANSYON: Avan nou ajoute sik la goute dlo a pou we si li mwen sale pase dloje.



Ki jan pou trete dlo pou bwe ak pou fè manje

Toujou itilize boutey ou po ki pwòp pou gade dlo an rezev!

Dlo rivye, lak tankou dlo touyo, dlo sitèn louvri ak pi ka kontamine ak kolera e dot jèm. **Fòk trete l avan nou bwe l.**

Gen plizye manyè pou trete dlo rivye, lak ak dot dlo ki ka kontamine. Manyè ki pi rapid se bouyi dlo a, mete klowòks ou ajoute ji sitwon vèt ou sitwon jonn ladan.

Nenpòt kiles pami yo nou itilize fòk dabò dlo a poze epi filtre pou tretman an ka mache.



1. Filtrasyon dlo

- Lese dlo a poze jouk tout bagay solid tonbe nan fon e dlo a klè.
- Vide dlo a atrave yon filt twal pwòp ou yon filt sab ou chabon.


Pou itilize yon filt twal: Pliye yon mòso twal pwòp 4 fwa e tire l ou mare l nan bouch yon po dlo pwòp. Vide dlo dousman nan po a atrave twal la. Apre nou itilize twal la, lave l e lese l seche nan soley la, ou byen dezenfekte twal la ak klowòks pou touye jèm yo.

2. Bouyi ou ajoute klowòks.

Ou byen itilize sitwon vèt ou sitwon jonn.

Bouyi

- Bouyi dlo pou pi piti 1 minit.
- Vide dlo a nan yon po ki pwòp e lese l refwadi.



Itilizasyon klowòks

Paske nou jwenn klò pi fasilman nan klowòks, tablo sila montre ki jan pou dezenfekte dlo ak klowòks. Nan klowòks ka gen konsantrasyon klò ki diferan. Sa k pi fasil se prepare yon premye solisyon (kap gen yon konsantrasyon klò 1%) epi ajoute solisyon sa nan dlo nou vle dezenfekte.

Pou prepare solisyon 1% klò.

1. Ajoute 1 tas klowòks nan yon boutey byè vid ak pwòp.
2. Ranpli boutey la ak dlo pwòp.
3. Souke boutey la pandan 30 segonn.
4. Lese solisyon an poze pandan 30 minit pou li ka pre.


	DLO	KLOWÒKS
Pou 1 lit Ou 1 ka		 3 gout
Pou 1 galon Ou 4 lit		 12 gout
Pou 5 galon Ou 20 lit		 1 ti kiye
Pou yon barik 200 lit		 10 ti kiye

Ajoute kantite solisyon 1% klowòks sa yo nan dlo klè e tann pou pi piti 30 minit avan nou bwe dlo a. Si dlo a trouble fòk ajoute 2 fwa pi plis solisyon 1% klowòks la.

Itilizasyon ji sitwon vèt ou sitwon jonn.

(Manyè sila pap touye tout jèm yo men li pi bon pase pa trete dlo a ditou, li ka prevni anpil ka kolera.)

- Ajoute ji yon sitwon vèt ou yon sitwon jonn nan chak lit dlo pou touye jèm kolera yo.
- Vide dlo a nan yon po ki pwòp.



3. Gade rezevwa dlo yo pwòp

- Veye pou rezevwa dlo yo rete pwòp! Pa mete ni po sal, ni men sal ni anyen nan rezevwa dlo yo. Vide dlo nan gode pwòp pou itilize l.

